



# KHUTBAH JUM'AT

Majelis Tabligh PDM Bantul

Edisi : 025/MT PDM Bantul/2024

2 Februari 2024 M / 21 Rajab 1445 H

## Shalat Jamaah Amalan Inggang Minulya\*

### *Khutbah Sepisan*

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنُسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ  
شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا. مَنْ يَهْدِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ  
وَمَنْ يَضِلَّ فَلَا هَادِيَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا  
شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ. اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ  
عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى  
يَوْمِ الدِّينِ.

أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ  
إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. قَالَ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، وَاسْتَعِينُوا بِالصَّبْرِ  
وَالصَّلَاةِ وَإِنَّهَا لَكَبِيرَةٌ إِلَّا عَلَى الْخَاشِعِينَ

## ***Jamaah Jum'at Rahimakumullah***

Puji saha syukur alhamdulillah ingkang linangkung kathah, inggih kula lan penjenengan sedaya, taksih dipun paring sih nugraha rahmat kawelasan, saking Allah ﷻ, Shalawat saha salam mugi tansah konjuk,wonten panjenenganipun Rasulullah Muhammad ﷺ, Rasul akhir zaman ingkang dados pandoming kawula dasih, inggih uswah hasanah saha *rahmatan lil-'alamin*.

Saha mboten kesupen mangga jamaah sedaya, tansah mbudidaya amrih mindakipun raos iman saha takwa dhumateng Allah ﷻ. Kalih perkawis wigatos ingkang supados pikantuk sa'adah fid dunnya walakhirah.

## ***Jamaah Jum'at Rahimakumullah***

Minangka muslim kula lan penjenengan sedaya kedah prasojo, bilih saweneh kewajiban ingkang kedah dipun jagi kanthi estu, inggih menika shalat gangsal wekdal, Rasulullah ﷺ paring dhawuh mekaten :

الصَّلَاةُ عِمَادُ الدِّينِ وَمَنْ أَقَامَهَا فَقَدْ أَقَامَ الدِّينَ وَمَنْ تَرَكَهَا  
فَقَدْ تَرَكَ الدِّينَ

*“Shalat iku cagak-ing agama, mula sak sapa kang ngedek-ake shalat, ateges wes ngedekake agama, lan sapa wae kang ninggal shalat ateges deweke wes ngembrok-ake agamane”. (H.R Baihaqi)*

Mligi piyantun jaler, bilih shalat gangsal wekdal menika, estu dipun dhawuhaken supados dipun tindak-aken kanthi jamaah, wonten masjid. Kepara Rasulullah ﷺ paring dhawuh mekaten :

صَلُّوا أَيُّهَا النَّاسُ فِي بُيُوتِكُمْ، فَإِنَّ أَفْضَلَ الصَّلَاةِ صَلَاةُ  
الْمَرْءِ فِي بَيْتِهِ إِلَّا الْمَكْتُوبَةَ

*“Shalat ing sira kabeh, wahai wong wong kang ana ing ngomah, amarga sak apik apike shalat sira kabeh shalat ing ngomah kalian,kejaba shalat wajib.” (Muttafaqun ‘alaih).*

Ugi Rasulullah ﷺ mboten paring inah, utawi keringanan, dhumateng sahabat ingkang

nandang wuta, supados paring inah nindakaken shalat teng ndalem, mboten nderek jamaah. Hal menika mboten ateges Rasulullah ﷺ, paring hukum ingkang awrat, ananging ngengeti semanten ageng ganjaran ingkang badhe dipun tapi, pramila dipun suwun tetep miderek shalat jamaah wonten masjid, sinaosa rade rekaos.

### ***Jamaah Jum'at Rahimakumullah***

Ugi sampun limrahipun, menawi minangka muslim menika, taksih kagungan pengajeng-ajeng angsal ganjaran, awit saking nindak-aken pangibadahan. Pramila kula lan penjenengan sedaya, kedah damel amalan ingkang pinunjul, amalan ingkang awrat timbanganipun ing akhirat sak mangke, inggih arupi remen saha gumregah nindak-aken shalat jamaah. Saking menika wonten kathah perkawis, ingkang kula lan penjenengan, saged dipun tindak-aken kanthi ajeg, kanthi istiqomah supados tansah saged ngibadah shalat jamaah, inggih menika :

***Sepisan***, tansah remen saha gumregah ngudi ilmu, ing babagan saha kautamen kautamen

saking jamaah menika. Kalebet penge bang-bang ganjaran tikel kaping pitu likur, ing shalat jamaah, tinimbang shalat piyambak, Rasulullah ﷺ paring dhawuh mekaten :

صَلَاةُ الْجَمَاعَةِ تَفْضُلُ صَلَاةِ الْفَذِّ بِسَبْعٍ وَعِشْرِينَ دَرَجَةً

Jawinipun: “*Shalat kanthi jamaah iku luwih afdhol, tinimbang shalat dewek-an, tikel pitu likur derajat.*” (Muttafaqun ‘Alaihi,)

Pramila menawi ganjaran shalat menika dipun ketingal-aken, estu badhe sami rebut ducung, supados angsal ganjaran kasebat. Rasulullah ﷺ sampun paring dhawuh mekaten :

لَوْ يَعْلَمُ النَّاسُ مَا فِي النِّدَاءِ وَالصَّفِّ الْأَوَّلِ ثُمَّ لَمْ يَجِدُوا إِلَّا  
أَنْ يَسْتَهْمُوا عَلَيْهِ لَأَسْتَهْمُوا وَلَوْ يَعْلَمُونَ مَا فِي التَّهَجِيرِ  
لَأَسْتَبَقُوا إِلَيْهِ وَلَوْ يَعْلَمُونَ مَا فِي الْعَتَمَةِ وَالصُّبْحِ لَأَتَوْهُمَا وَلَوْ  
حَبِوًا. متفقٌ عليه

“*lamun para wong wong iku padha ngerti, sepira gedhene ganjaran azan, lan manggon ing shaf kang paling awal, tumuli ora mekoleh dedalan kanggo tumuju shaf kang awal, mesthi*

*bakal padha gawe undian, lan mesthi bakal gawe undian iku. Uga lamun para manungsa padha ngerti sepira gedhene ganjarane, kang bakal dipekoleh, kanggo wang kang tumeko luwih dhisik, mesthi padha bakal disik disikan. Mengkono uga lamun dheweke-e padha ngerti sepira gedhene ganjarane, shalat Isyak lan shalat Subuh kanthi jamaah, mesthi wong wong iku bakal padha teka, senajan direwangi karo mbrangkang.” (Muttafaq ‘alaih)*

**Kaping kalih**, saweneh saking raos syukur kula lan penjenengan sedaya, dhumateng Allah ﷻ, inggih nindak-aken shalat gangsal wekdal menika kanthi jamaah. Masyaqoh utawi (awrat ingkang kasandang) saking nindak-aken shalat jamaah, menika samangke badhe kraos mboten awrat, menawi dipun lampahi kanthi istiqomah utawi ajeg, linangkung malih menawi lajeng dipun lambari kathi raos syukur, bilih Allah sampun paring linangkung kathah sih rahmat nugraha, saking pucuk-ing rikma ngantos pucuk-ing suku, wiwit saking wungu sare ngantos sare malih, sedaya mlampah kanthi sae saha normal, sedaya mboten analisis, saking sih

rahmat nugraha Allah ﷻ. Kaserat ing QS an Nahl ayat 18 Allah sampun ngendika mekaten :

وَإِنْ تَعُدُّوا نِعْمَةَ اللَّهِ لَا تُحْصُوهَا إِنَّ اللَّهَ لَغَفُورٌ رَحِيمٌ ﴿١٨﴾

Jawinipun: “*lan lamun sira kepingin ngetung nikmate Allah, mesthi ora bakal bisa ngetung*” (anNahl: 18)

**Kaping tiga**, bilih shalat kanthi jamaah menika, paring piwucal supados saged tansah disiplin, (mukhafadhoh ‘alal waqti), satemah sedaya saged gangsar. Mekaten ugi minangka muslim menika, pados nafkah saha nindak-aken ngibadah. Pramila kunci sukses inggih menika disiplin ngginakaken saha nggemeni wekdal. Kewajiban pados pangupa jiwa inggih mlampah kanthi sae, nindak-aken kewajiban shalat gangsal wekdal, inggih saged dipun tindak-aken kanthi jamaah. Ringkesing rembag bilih nyambut damel menika estu wigatos, ananging tansah siap siaga, nindak-aken ngibadah shalat kanthi jamaah, menika ugi wigatos. Sedaya sampun wonten porsinipun piyambak piyambak.

Mugi mugi Allah paring sih nugraha saha rahmat, kula lan penjenengan gangsar nindaken shalat jamaah gangsal wekdal menika.

بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ فِي الْقُرْآنِ الْعَظِيمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيمِ، وَتَقَبَّلَ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِينَ.

### **Khutbah kaping kalih**

الْحَمْدُ لِلَّهِ وَكَفَى، وَأُصَلِّي وَأُسَلِّمُ عَلَى مُحَمَّدٍ الْمُصْطَفَى، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَهْلِ الْوَفَا. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَمَا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ الْعَلِيِّ الْعَظِيمِ وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمَرَكُمْ بِأَمْرٍ عَظِيمٍ، أَمَرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا،

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ. وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ



مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَىٰ إِبْرَاهِيمَ وَعَلَىٰ آلِ إِبْرَاهِيمَ، إِنَّكَ حَمِيدٌ  
مَجِيدٌ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ  
وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ  
الدَّعْوَةِ

اللَّهُمَّ إِنَّا نَسْأَلُكَ الْهُدَىٰ، وَالثَّقَىٰ، وَالْعَفَافَ، وَالغِنَى. اللَّهُمَّ  
ثَبِّتْ إِخْوَانَنَا الْمُجَاهِدِينَ فِي فِلِسْطِينَ، خُصُوصًا فِي غَزَّةَ،  
وَاحْقِنْ دِمَائَهُمْ. اللَّهُمَّ عَلَيكَ بِالْيَهُودِ، الْمَلْعُونِينَ، وَأَنْزِلْ  
غَضَبَكَ عَلَيْهِمْ. اللَّهُمَّ انصُرْ دِينَكَ وَكِتَابَكَ وَسُنَّةَ نَبِيِّكَ مُحَمَّدٍ  
صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ  
حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَيَنْهَى عَنِ  
الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ. يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ  
الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ. وَاشْكُرُوهُ عَلَىٰ نِعْمِهِ يَزِدْكُمْ. وَلَذِكْرُ اللَّهِ  
أَكْبَرُ

Dening : Ustadz Firdaus Arifulloh, S.Pd.I., M.H

Group WhatsApp : <https://chat.whatsapp.com/GJNGvigNHIS6A7BswEpHog>